# INSANÍYLÍQ PAZIYLETLERGE BAYLANÍSLÍ NAQÍL-MAQALLARDA TEŃEWLERDIŃ QOLLANÍLÍWÍ

**Jiemuratova Feruza Erejepovna**
*Ózbekstan Respublikası Ilimler akademiyası Qaraqalpaqstan bólimi Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim-izertlew institutı, Nókis*

Naqıl-maqallar xalqımızdıń kóp ásirlik tarıyxıy, mádeniyhám social turmıs tájiriybeleri juwmaǵın ulıwmalastırıwshı hikmetli pikirler jıyındısı. Adamlar arasındaǵı ádep-ikramlılıq principleri, dúnyalıq kóz qarasları haqqında pikirlew zárúrligi naqıllardıń payda bolıwına sebep boladı. Naqıllardıń kólemi kishihám ápiwayı bolsa da ondaǵı tereń mazmun,estetikalıqtásiri arqalıdıqqattı tartadı. "Naqıl-maqallar – qısqa, ıqshamlı, uyqasqan sózler dizgini menen juwmaqlasqan oylar dúrkinin ańlatatuǵın, adamlardıń dúnyaǵa qatnasın boldıratuǵın, keleshekke aqıl, násiyat, siltew beretuǵın sózler" [Maqsetov Q., 1996.– 167]. Biz, bul tájiriybelerden sonı kórsek boladı, xalqımız arasındaǵı naqıllardıń uzaq jıllar dawamında qollanılıwı ushın turmıslıq tiykar bolıwı kerek. "Atadan balaǵa, zamannan zamanǵa ótip kelgenlikten naqıl-maqallardı "atalar sózi" depte atawǵa boladı" [Ayımbetov Q., 2020. – 28].

Qaraqalpaq folklorındaǵı hárbir janróziniń kórkemligine iye. Búgingi kúnde naqıl-maqallar hám olardıádebiy kóz qarastan kórkemlik ózgesheliklerin úyreniw aktual máseleler qatarında. Solay eken, biz maqalamızda insanıylıq paziyletlerge baylanıslı naqıl-maqallarda teńewlerdiń qollanılıwın úyreniwdi maqset ettik.

Teńewlerdiń kórkemlik funkciyası sóylewdiń kórkem obrazlılıǵın kúsheytiw sol arqalı adamda estetikalıq tásir oyatıw bolıp esaplanadı."Kórkem shıǵarmada bir zat yaki qubılıstı ekinshi bir zat yaki qubılıs penen salıstırıp súwretlew teńew dep ataladı" [Dosımbetova A., 2017. – 7]. Teńewler folklorlıq shıǵarmalarda jiyi ushırasadı. Bunda dóretpelerdegi zat ya qubılıslar teńeliw hám teńestiriliw arqalı tıńlawshıǵa dál túsinikli boladı. "Teńew dep eki zat yaki waqıya-hádiyse arasındaǵı uqsaslıqqa tiykarlanıp, olardıń biri arqalı ekinshisiniń belgisin, mánisin ele de konkretlestirip túsindiriwge aytıladı" [Yo'ldashev M., 2008. – 84]. Demek, teńewlerbir neshe elementlerden, yaǵnıy teńeliwshi predmet –teńelip atırǵan obyekt, teńestiriwshi predmet – uqsawshı obrazlardan ibarat boladı. Insanıylıq páziyletlerge baylanıslı naqıl-maqallardateńewlerdiń tómendegishe qollanılıwın kóriwimizge boladı. Mısalı:

*Egin ósedi suw menen,*
*Araz bolma el menen,*
*El súymese isińdi,*
***Tamırı úzilgen qańbaqtay,***
*Ushıp túserseń jel menen* [Qaraqalpaq folklorı ., 2015. – 16].

Xalqımızda erte zamanlardan berli watanǵa, el-jurtqa sadıqlıq, awızbirshilik túsinikleri qáliplesken. Kóbinese ata-babalarımız tárepinen el birligi haqqında aqıl-násiyatlar aytılıwı menen bir qatarda eli menen birikpey is tutıw aqıbetleri de júda danalıq penen túsindirilgen. Bunıń dáliyli sıpatında joqarıda keltirilgen naqıldı aytsaq boladı. Bunda teńeliwshi predmet ornına onıń is-háreketi berilgen. Bulháreketke teńestiriwshi predmet – qańbaq qollanılǵan. Bunda heshkimge oylaspay, óz bilgenin islegenadamnıń isin eli de qollamaytuǵını aytılǵan. Al,heshkim qollamaǵan adamtamırı úzilgen qańbaqqa salıstırılǵan. Yaǵnıy, tamırı úzilgen qańbaq quwrap,jeńil bolıp samal menen ushıp túskenindey, onıń daisi júrispey qalsa heshkim járdembermey jalǵız ózi sharasız qalıwıtúsindirilgen.

***Jaqsı adam ay menen kúnge teń,***

*Jarıǵı ortaq álemge* [Qaraqalpaq folklorı ., 2015. –50].

Haqıyqatında da, jaqsı adamnıń tiykarǵı belgisi onıń hámmege birdey jaqsı mámilede bolıwında kórinedi. Bunda teńeliwshi predmet, yaǵnıy teńelip atırǵan obyekt – jaqsı adam. Al, teńestiriwshi predmet yaǵnıy salıstırılıp atırǵan obraz – ay menen kún. Demek, naqılda jaqsı adambarlıq jerge teńdey nurın shashıwshı ay menen kúngeteńelgen.

*Adam menen adamnıń parqı,*

***Aspan menen jerdey*** [Qaraqalpaq folklorı ., 2015. –43].

Teńeliwshi predmet – adam. Teńestiriwshi predmet – aspan menen jer.Heshkim birin-biri qaytalamaydı hám hárbiri jeke tulǵa. Sonlıqtan, adamlardıń bir-birinen júdá parıqlıekenligi aspan menen jerge teńelgen.

*Jaqsı sóz* ***shekerdey,***

*Jaman sóz* ***záhárdey*** [Qaraqalpaq folklorı ., 2015. –54].

Teńelip atırǵan predmetler – jaqsı hám jaman sóz. Teńestiriwshi predmetler – sheker, záhár sózleri qollanılǵan. Shınında da, jaqsı sóz tıńlawshı ushın sheker, jaman sóz záhár sıyaqlı ekenligi júdá úylesimli teńewler arqalı berilgen.

*Jaqsı adam qartaysa,*

***Jazıp qoyǵan xattay,***

*Jaman adam qartaysa,*

***Janbay qalǵan ottay*** [Qaraqalpaq folklorı ., 2015. –52].

Teńeliwshi predmetler – jaqsı hám jaman adam. Teńestiriliwshi predmetler – xat, ot. Naqılda insan hám insanıylıq páziyletleri jaqsını “Jazıp qoyǵan xattay”, jamandı “Janbay qalǵan ottay” teńewleri arqalı júdá sheber ashıp berilgen.

*Jaqsı menen sapar sheksen,*

*Bilmegendi bilerseń,*

*Jaman menen sapar sheksen,*

***Janǵan ottay sónerseń*** [Qaraqalpaq folklorı ., 2015. –52].

Bul mısal joqarıda keltirilgen naqılǵa sáykes ráwishte bolıp, jaqsı menen jaman adamnıń parqı ayqın kózge taslanadı. Bunda jaman menen joldas bolsań jolıńda dawam ete almay, ***janǵan ottay sónip*** jarı jolda qalasań – degen juwmaqqa kelsek boladı.Yaǵnıy, teńelip atırǵan obyekt – jaman adam, uqsawshı obraz – sóngen ot.

Folklortanıw iliminde kishi janrlardı paremiya dep ataw da qabıl etilgen [Sulaymonov M., 2019. – 25]. Joqarıda aytıp ótkenimizdey, naqıllar da júdá kishi kólemli bolǵanı menen pikir hám mazmunı tárepinen keń túsinikti óz ishine aladı. Mısalı:

*Jasta alǵan bilimiń,*
***Tasqa jazǵan xat penen teń*** [Qaraqalpaq folklorı., 2015. –57].

Bunda teńeliwshi hám teńestiriwshi predmetler ornına olardıń is-háreketleri salıstırılıp berilgen. Yaǵnıy,insannıń jas waqtında alǵan bilimi tasqa jazılǵan xatqa teńlestirilip atır. Sebebi, tasqa oyıp jazılǵan jazıw heshqashan óshpeydi. Jaslıqta alǵan bilim de dál sol sıyaqlı mángi este qaladı. Sonlıqtan da, ata-babalarımız tárepinen aytılǵan bul úgit-násiyat astarında jas waqıtta kóbirek ilim alıw kerek ekenligisóz etiledi.

*Sharshap mingen* ***eshek attay bolar,***
*Ash bolıp jegen* ***pátirek qanttay bolar*** [Qaraqalpaq folklorı., 2015. – 162].

Teńelip atırǵan obyektler – eshek, pátirek sózleri bolıp, oǵan teńestiriliwshi yaǵnıy uqsawshı obrazlar – at, qant sózleri arqalı berilgen. Bul teńewlerde kórip turǵanımızday, jol júrip sharshaǵan adam ushın eshek at sıyaqlı shawǵısh bolıp kóriniwi, al ash adam ushın hátteki pátir de mazalı qant sekilli ekeni sheberlik penen salıstırılǵan.

Juwmaqlap aytqanda, folklorlıq shıǵarmalar bul sol xalıqtıń ózi dóretken mádeniyatı, turmısı, kóz qarası hám tarıyxın úyreniwde bay derekler qatarında tur. Solardan naqıl-maqallar adamlar arasındaǵı qarım-qatnastı kórsetiwi menen birge, jámiyetlik hám tábiyat qubılısları, úrp-ádet, tálim-tárbiya, minez-qulıq normaları, bir sóz benen aytqanda, xalıq turmısınıń aynası, adamgershilik qaǵıydalarınıń shejiresi sıpatında qáliplesken. Naqıl-maqallarda aytılajaq oy-pikir qısqa tujırımlı etip beriliwi menen úlken áhmiyetke iye. Sonıń menen birge, teńewler de naqıl-maqallardıń obrazlılıǵın hám estetikalıq tásirinsheńligin kúsheytiwde ayrıqsha xızmet atqaradı.

## ÁDEBIYATLAR:

1. Мақсетов Қ. Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери. – Нөкис: Билим, 1996.

2. Ayımbetov Q. Xalıq danalıǵı. – Nókis: Qaraqalpaqstan, 2020.

3. Dosımbetov A. Ádebiyatta kórkemlew quralları. – Nókis: Qaraqalpaqstan, 2017.

4. Yo’ldashev M. Badiiy matnning lisoniy tahlili. – Toshkent: Hamidov N.H., 2008.

5. Қарақалпақ фолклоры. Көптомлық. 88-100 Томлар. – Нөкис: Илим, 2015.

6. Sulaymonov M. O’zbek folklori. – Namangan: Namangan, 2019.